

**TINDAK TUTUR DIREKTIF BASA JAWI WONTEN ING FILM “SITI”  
ANGGITANIPUN IFA ISFANSYAH**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Katuraken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Pandadaran  
Anggayuh Gelar *Sarjana Pendidikan*



**Dening**  
**Fajar Wati Siti Zulaihah**  
**NIM. 11205241057**

Yogyakarta, 15 Januari 2018  
Pembimbing

Dr. Mulyana, M.Hum  
NIP 19661003 199203 1 002

Yogyakarta, 15 Januari 2018  
Ketua Jurusan  
Pendidikan Bahasa Daerah

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP 19640403 199001 1 004

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2018**

## **TINDAK TUTUR DIREKTIF BAHASA JAWI WONTEN ING FILM**

### **“SITI” ANGGITANIPUN IFA ISFANSYAH**

#### **DIRECTIVES SPEECH ACT OF JAVANESE LANGUAGE IN THE FILM “SITI” BY IFA ISFANSYAH**

Dening: Fajar Wati Siti Zulaihah, Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta  
fajar.11senja@gmail.com

#### **Sarining Panaliten**

Ancasing panaliten menika ngandharaken jinis saha *fungsi-nipun tindak tutur direktif* basa Jawi wonten ing *film* “Siti” anggitanipun Ifa Isfansyah. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* awujud tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara wonten ing *dialog film*. Sumber *data* saking *film* “Siti.” Caranipun ngempalaken *data* kanthi *teknik sadap*, *teknik Simak Bebas Libat Cakap (SBLC)*, saha *teknik catat*. *Data* dipun-*analisis* kanthi *analisis deskriptif*. *Data* dipun-*validasi* kanthi *validitas expert judgement* saha *validitas semantik*, dene *reliabilitas* kaginakaken *ketekunan pengamatan*. Asiling panaliten kapanggihaken enem jinis *tindak tutur direktif*: panyuwunan, pitaken, pakon, watesan, paring idin, saha paring nasehat. *Fungsi direktif* panyuwunan ingkang kapanggihaken: nyuwun, ndhesek, ngulemi, saha ngajak. *Fungsi direktif* pitaken: nyuwun pirsaa. *Fungsi direktif* pakon: ndhawuhi, *ngomando*, nuntut, ngarahaken, ngatur, saha paring *syarat*. *Fungsi direktif* watesan: matesi saha nglarang. *Fungsi direktif* paring idin: marengaken, paring idin, ngabulaken, saha nguja. *Fungsi* saking *direktif* paring nasehat: paring nasehat saha ngusulaken.

Pamijining tembung: *tindak tutur, direktif, film* “Siti”

#### **Abstract**

*The aim of this study are to explain the types and the function of directives speech act in a film entitled “Siti” by Ifa Isfansyah. This study was categorized as a descriptive study. The data of the study were words, phrases, clausas, and sentences in the dialog of the film. And the source of the data was taken from the film “Siti”. Data was collected by tapping technique, watching without intervention technique, and writing technique. The data were analyzed using descriptive analysis. There were expert judgement and semantic validity assessed the product. Read carefully also used to asses the reliability. The result of the study shows that there are six types of Javanese directives speech act: requesting, questioning, requiring, prohibiting, permitting, and advising. Request, urge, invite, and announce are categorized as the function of directive requesting. Inquire is categorized as the function of directive questioning. Order, command, claim, recommend, managed, and require are categorized as the function of directive requiring. Limiting and prohibit are categorized as the function of directive prohibiting. Permitting, allow, grant, and reprieve are categorized as the function of directive permitting. Advise and giving opinion are categorized as the function of directive advising.*

*Keyword: directives speech act, film “Siti”*

## PURWAKA

Salah satunggaling paedahipun basa inggih menika minangka piranti *komunikasi*. Miturut Chaedar (1985: 9), *komunikasi* inggih menika satunggaling *proses* ingkang mbetahaken tiyang ingkang *komunikasi*, *informasi* ingkang dipunrembag, saha piranti *komunikasi*. Supados *proses komunikasi* menika *lancar*, tiyang ingkang dipunajak *komunikasi (mitra tutur)* kedah mangertos punapa maksud-ipun tuturan saking tiyang ingkang ngajak *komunikasi (penutur)*.

Kajawi menika, *mitra tutur* ugi kedah mangertos *konteks* utawi kahanan nalika *komunikasi* kadadosan, saengga *mitra tutur* kaajab saged nindakaken satunggaling prakawis tartamtu ingkang dipunpingini *penutur*, ingkang dipunsebut *tindak tutur*.

Chaer (2010: 27) ngandharaken bilih *tindak tutur* inggih menika tuturan ingkang gadhah sipat *psikologis*, ingkang makna tuturanipun saged dipuntingali ing salebeting tuturan menika. Pangertosan ing nginggil ngemu teges bilih nalika ngandharaken satunggaling tuturan, *penutur* menika boten namung paring *informasi* kemawon, ananging saged ugi paring prentah utawi nyuwun *mitra tutur* nindakaken satunggaling prakawis.

Tuladhanipun:

(1) “Rambutmu wis dawa!”

(Wijana, 1996: 19)

Maksud tuturan menika saged beda-beda gumantung kahanan utawi *konteks*-ipun. Nalika tuturan (1) menika dipunandharaken ibu dhateng putrinipun, tegesipun saged arupi raos seneng saha bingah amargi rikmanipun sampun panjang. Tuturan ibu menika ndhawuhi supados rikmanipun tetep dipunpanjangaken.

Nalika tuturan (1) menika dipunandharaken guru dhateng siswa jaler, tuturan menika maksudipun ndhawuhi supados rikmanipun dipuncukur, amargi paugeran wonten ing sekolah menika siswa jaler boten kening gadhah rikma panjang. Saking tuturan (1) menika saged dipuntingali bilih maksud tuturan menika gumantung kahanan utawi *konteks* ingkang kakandhut wonten ing salebeting tuturan.

Tuturan ing nginggil menika asring dipunpanggihaken wonten ing kahanan padintenan. Awit saking menika, menawi kita boten mangertos wos saha *konteks* saking tuturan, tamtu maksud tuturan menika boten saged kita tampi kanthi sae. Prakawis menika saged njalari lepat-ing tumindak saking *mitra tutur*, tegesipun boten jumbuh kaliyan punapa ingkang dipunpingini *penutur*. Awit saking menika, wigati sanget anggenipun kita mangertosi wosing tuturan saha *konteks*-ipun.

Kajawi wonten ing pagesangan saben dinten, tuturan ingkang ngandhut maksud tartamtu saking *penutur* menika saged dipunpanggihaken wonten ing seratan *poster*, wonten ing satunggaling pawartos, cariyos cekak, dumugi wonten ing salebeting *film*. Miturut Kamus Bahasa Indonesia (2008: 410), *film* inggih menika lakon (cariyos) gambar ingkang gesang. Tegesipun, cariyos ingkang nggambaraken pagesanganipun satunggaling tiyang. Asringipun paraganipun langkung saking setunggal, saengga wonten ing satunggal *film* kemawon saged dipunpanggihaken pagineman ingkang kathah sanget. Menawi boten saged mangertosi wosing pagineman saha *konteks*-ipun, mbok bilih kita saged bingung saha boten saged mangertos

wosing *film* menika, punapa malih piwulang-ipun. Wondene pagineman wonten ing *film* menika kathah sanget, ananging kita saged mangertosi maksud saha *konteks* pagineman kanthi gampang. Prekawis menika dipunsababaken saking wujud *film* inggih menika gambar gesang ingkang dipunsarengi swanten utawi *audio-visual*, saengga kita saged ningali tumindak saha swantenipun paraga ing satunggaling wekdal, saengga maksudipun *tindak tutur* saged dipunmangertosi pamiyarsa kanthi gampang ugi.

Salah satunggaling *film* ingkang narik kawigatosan kangge dipuntliti *tindak tutur*-ipun inggih menika *film* “Siti” anggitanipun Ifa Isfansyah. *Film* “Siti” nyariosaken gesangipun Siti minangka wanodya ingkang sampun palakrama saha gadhah putra tunggal. Garwanipun Siti, Mas Bagus, lumpuh boten saged nyambut damel, saha gadhah ampilan arta ngantos sedasa yuta. Kamangka padamelanipun Siti namung sadean peyek jingking wonten ing Pantai Parangtritis. Kanthi wekdal tigang dinten, Siti kedah enggal-enggal mbayar utang utawi badhe dipunlapuraken dhateng pulisi. Wonten ing *film* menika kagambaraken kados pundi Siti ngupadaya kangge nyaur utang saha ngadhepi pan-cobaning gesang.

*Film* “Siti” menika nate pikantuk pahargyan *FFI (Festival Film Indonesia)* minangka *film* ingkang paling sae rikala taun 2015. *Film* “Siti” menika dipundamel kanthi layar *hitam putih* boten wonten warnanipun, kadosta *film* ing jaman rumiyin. *Film* menika ugi narik kawigatosan pamiyarsa saha panaliti basa amargi kalebet *film bilingualisme*, tegesipun ngginakaken kalih basa wonten ing paginemanipun,

inggih menika basa Indonesia saha basa Jawi, ing pundi basa ingkang langkung kathah dipunginakaken inggih menika basa Jawi.

Awit saking kathahipun panganggening basa Jawi wonten ing *film* “Siti”, kathah *tindak tutur* ingkang saged dipun-kaji wonten ing *film* menika. Salah satunggaling *tindak tutur* ingkang narik kawigatosan kangge dipun-kaji inggih menika *tindak tutur direktif*. *Tindak tutur direktif* inggih menika *tindak tutur* ingkang gadhah ancas supados *mitra tutur* nin-dakaken punapa ingkang dipunsebutaken ing salebeting tuturan. Wonten ing *film* “Siti” kathah sanget dipunpang-gihaken *tindak tutur direktif*, tuladhanipun inggih menika:

(2) Pak Karyo: **Siti ana, Mbok?**

Simbok : Nang ndi cah ki mau?!

Oh, ngeterke Bagus

sekolah. (*Data 53/VIII/S*)

Tuturan (2) menika kadadosan nalika Pak Karyo madosi Siti ingkang sampun ndhelik wonten ing wing-king amargi mangertos bilih Pak Karyo badhe nagih utang. Nalika Siti boten katingal wonten ing griyanipun, Pak Karyo nyuwun pirsu kaliyan Simbok. Lajeng simbok mangsuli Siti boten wonten. Tuturan pitakon kados tuladha (2) menika gadhah maksud nyuwun pirsu punapa Siti wonten.

Kajawi tuturan (3) ing nginggil, taksih kathah *tindak tutur direktif* ingkang wonten ing salebeting *film* “Siti.” Saking andharan ing nginggil, *tindak tutur direktif* utaminipun bab jinis saha *fungsi*-nipun *tindak tutur direktif* dados bahan utami ingkang narik kawigatosan badhe dipuntliti wonten ing panaliten menika.

## CARA PANALITEN

### **Jinising Panaliten**

Panalithen kanthi irah-irahan “*Tindak tutur Direktif Basa Jawi wonten ing Film “Siti” Anggitanipun Ifa Isfansyah*” menika ngginakaken metode kualitatif. Miturut Bogdan saha Biklen (lumantar Sugiyono, 2010:21) panaliten kualitatif menika dipunlampahaken wonten ing kahanan alami, langsung dhateng sumbering *data* saha panalitipun dados instrument kunci. Panaliten menika asipat deskriptif. Tegesipun *data* ingkang dipunkempalaken awujud tetembungan utawi gambar, boten awujud angka.

### **Data saha Sumbering Data**

*Data* ingkang dipunanalisis inggih menika sedaya tuturan ingkang ngandhut *tindak tutur direktif* basa Jawi, arupi tembung, frasa, klausa, saha ukara. Sumbering *data* panaliten menika *film “Siti” anggitanipun Ifa Isfansyah. Film “Siti”* menika durasinipun wolungpuluh wolu menit saha dipun-produksi nalika tahun 2014.

### **Caranipun Ngempalaken Data**

Caranipun ngempalaken *data* kanthi metode simak. Metode simak menika caranipun pikantuk *data* kanthi nyimak pangangge basa. Metode simak menika gadhah teknik lanjutan inggih menika teknik sadap, teknik simak bebas libat cakap, saha teknik catat (Mahsun lumantar Muhammad, 2011:194). Andharanipun inggih menika wonten ing ngandhap.

1. Teknik sepisan inggih menika teknik sadap. Tegesipun panaliti ngrekam *film “Siti”*. Sabibaripun pikantuk rekaman, panaliti ningali *film* menika saha *tindak tutur* saking paraga *film “Siti”*.
2. Teknik kaping kalih inggih menika teknik simak bebas libat cakap (SLBC). Tegesipun

panaliti namung dados tiyang ingkang nggatosaken, boten mlebet wonten ing pagineman ingkang basanipun nembe dipunteliti.

3. Teknik kaping tiga inggih menika teknik catat. Tegesipun panaliti nyerat *data* arupi tuturan *direktif* wonten ing kertu *data*.

### **Pirantining Panaliten**

Piranti panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken kangge mbiyantu panaliti nalika nindhakaken panaliten. Piranti ingkang kaginakaken ing panaliten inggih menika kertu *data* saha tabel analisis. Kartu *data* kaginakaken kangge nyerat *data* ingkang dipunpanggihaken, dene tabel analisis dipunginakaken kangge nglebetaken *data* ingkang sampun dipunkempalaken ing kartu *data* miturut klasifikasi ingkang sampun kaandharaken wonten ing teori.

### **Caranipun Nganalisis Data**

Teknik analisis *data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika analisis deskriptif, inggih menika ndeskripsikaken jinis saha *funksinipun tindak tutur direktif* wonten ing *film “Siti.”* Analisis *data* menika dipun-wiwiti nalika ngempalaken *data* kanthi manggihaken jinis saha *funksinipun tindak tutur direktif*. Lajeng *data* dipunandharaken kanthi runtut kados ing ngandhap menika.

1. *Data* ingkang kaserat wonten ing kertu *data* dipunpantha wonten ing tabel analisis miturut jinisipun *tindak tutur direktif*.
2. *Data* ingkang sampun dipunpantha miturut jinisipun lajeng dipungayutaken kaliyan *funksinipun tindak tutur direktif*.
3. *Data* ingkang sampun dipunpantha miturut kategorinipun dipun-*analisis* jumbuh kaliyan

gegaraning teori.

### **Validitas saha Reliabilitas**

Caranipun ngesahaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *validitas saha reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas expert judgement* saha *validitas semantik*. *Validitas expert judgement* (pertimbangan saking ahli) caranipun bimbingan kaliyan *dosen ahli*, inggih menika *dosen pembimbing skripsi*. Dene *validitas semantik* inggih menika *validitas* kanthi negesi maksud tuturan wonten ing *data*, lajeng dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*-ipun.

*Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *ketekunan pengamatan*, tegesipun nлити saha ningali kanthi setiti, rinci, saha dipunwongsal-wangsuli dhateng objek ingkang dipuntliti, ngantos pikantuk *data* ingkang valid saha absah, trep kaliyan wosing perkawis saha gegaraning teori wonten ing panaliten menika.

## **ASILING PANALITEN SAHA**

### **PIREMBAGAN**

#### **Asiling Panaliten**

Asiling panaliten menika ngandharaken bab-bab ingkang dipuntliti, inggih menika jinising *tindak tutur direktif* saha *fungsi-nipun*, wonten ing *film* “Siti” anggitanipun Ifa Isfansyah. Jinisipun *tindak tutur direktif* ingkang dipun-panggihaken wonten enem, inggih menika panyuwunan, pitaken, pakon, watesan, paring idin, saha paring nasehat. Wondene *fungsi-nipun tindak tutur direktif* wonten kalih dasa.

#### **1. Tindak tutur Direktif Direktif Panyuwunan**

Miturut Ibrahim (1993) tuturan panyuwunan inggih menika tuturan ingkang ngandharaken

gegayuhan utawi pangajab saking *penutur* dhateng *mitra tutur*. *Fungsi-nipun* kaandharaken wonten ing ngandhap.

#### **a. Fungsi Nyuwun**

*Fungsi* nyuwun inggih menika ngan-dharaken panyuwunan saking *penutur* supados dipun-paringi utawi saged pikantuk satunggaling perkawis saking *mitra tutur*. Tuladhanipun inggih menika:

*Konteks* : Kadadosanipun wonten ing pante. Tuturan dipunturaken dening Bagas dhumateng ibunipun. Bagas ingkang nembe dolanan layangan nyuwun ibunipun supados ngajari Bagas *mate-matika*.

Bagas : “Bijiku entuk apik lho, entuk lima.”

Siti : “Biji lima kok apik, pelajaran apa?”

Bagas : “Matematika.”

Siti : “Dadi pilot ki matematika kudu apik!”

**Bagas : “Mengko aku diajari ya Buk!”**  
(*Data 129/XI/S*)

Siti : “Yaa..”

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* nyuwun amargi ngandhut tuturan panyuwunan saking Bagas dhumateng Siti. Katitik saking ukara ingkang dipunginakaken Bagas, inggih menika Bagas nyuwun ibunipun kersa ngajari Bagas *matematika* amargi biji-nipun Bagas dereng sae. Awit saking menika, pituturipun Bagas ing nginggil kalebet *direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* nyuwun.

#### **b. Fungsi Ndheseke**

*Fungsi* ndheseke inggih menika ngan-dharaken panyuwunan ingkang sanget, kanthi ndheseke utawi meksa, saha kedah enggal-enggal dipun-tindakaken amargi wi-gati sanget. Tuladhanipun inggih menika:

*Konteks* : Pak Karyo sampun mang-kel anggenipun nagih utang kaliyan Siti boten nate dipunbayar. Pak Karyo lajeng ndhesek Siti.

Pak Karyo : “Ki wis meh setaun lho Ti. Kowe ki wis tak wenehi dalan penak ta. Kowe entuk nyicil, pendak sasi sakyuta. Kurang apa ta aku, coba?”

Siti : “Nggih, Pak.”

Pak Karyo : “Kowe wingi janji ta, arep nglunasi sasi iki, limang yuta? **Yawis, pokokmen kudu dibayar, nek ora uru-sane karo pulisi!! Tak nehi wektu telung dina.**” (Data 63/VIII/S)

Tuturan ingkang aksaranipun dipunkandeli kalebet *direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* ndhesek, amargi Pak Karyo ndhesek Siti supados enggal-enggal mba-yar utangipun dhateng Pak Karyo. Saderengipun, Pak Karyo sampun paring kalodhangan wekdal dhateng Siti. Siti ugi sampun janji kaliyan Pak Karyo badhe mbayar utangipun wulan menika gangsal yuta, ananging Siti mblenjani janjinipun, saengga nyebabaken Pak Karyo duka. Nalika Pak Karyo nagih utang, Siti ndhelik ajrih kepanggih Pak Karyo, ananging Pak Karyo saged manggihaken Siti. Pak Karyo duka, swantenipun inggil ndhesek Siti supados enggal-enggal mbayar utang. Menawi Siti boten saged mbayar utangipun kanthi wekdal tigang dinten, Siti badhe kalapuraken dhateng pulisi.

### c. Fungsi Ngulemi

*Fungsi* ngulemi inggih menika ngan-dharaken panyuwunan supados *mitra tutur* saged rawuh wonten ing ulem menika. Tuladhanipun inggih menika:

*Konteks* : Sabibaripun demo, Pak Sarko meling Siti sakanca supados rawuh wonten ing papan karaoke jam sanga dalu amargi mangke wonten tamu *spesial*.

Pak Sarko : “Yo do medhun!!”

Suara rame : “Nggih..”

**Pak Sarko : “Ti..rene..! Aja lali mengko jam 9 ya! Jam 9 mbengi!”**  
(Data 152/XVI/S)

Wati : “Ngapa je Pak?”

Pak Sarko : “Lho piye ta? Lha yo mboke..”

Tuturan ingkang aksaranipun dipunkandeli kalebet *direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* ngulemi. Nalika Siti sakanca sampun badhe kondur saking demo, Siti dipuntimbali Pak Sarko. Pak Sarko ngendika bilih Siti mangke kedah rawuh wonten ing papan karaoke jam sanga dalu. Siti sakanca bingung, lajeng Sri taken dhateng Pak Sarko jam sanga wonten menapa, amargi papan karaoke-nipun taksih dipuntutup dening pulisi. Pak Sarko ndhawuhi supados Sri boten kathah menggali. Lajeng Siti sakanca dipunulemi Pak Sarko rawuh wonten ing papan karaoke jam sanga dalu, mliginipun Siti ingkang karawuhan tamu spesial. Tuturan menika ngginakaken frase larangan ‘aja lali’, ananging miturut *konteks*-ipun, tuturan menika kalebet *direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* ngulemi.

### d. Fungsi Ngajak

*Fungsi* ngajak inggih menika ngan-dharaken panyuwunan supados *mitra tutur* tumut. Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Sri ngajari kados pundi caranipun medalaken duka. Sri ndhawuhi Siti supados bengok-bengok. Sabibaripun Siti medalaken dukanipun, Sri ngajak Siti lenggah.

Siti : “Piye nesuku?”

Sri : “Kaya ngono kok nesu. Alah iyung, ngene, yo! AASUU..! Ngono, dicoba!”

Siti : “Aasuu..!”

Sri : “Sing banter!”

Siti : “ASU!ASU!ASU!”

**Sri** : “We..pinter. Ayo-ayo, rene, rene!” (Data 107/X/S)

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet *direktif* panyuwunan kanthi *fungsi* ngajak. Sri taken kados pundi kabaripun Mas Bagus, garwanipun Siti. Siti mangsuli bilih Mas Bagus taksih dereng kersa ngendika, malah piyambakipun duka amargi Siti nyambut damel wonten ing papan karaoke. Miturut Siti, ingkang pantes duka kedahipun Siti, ananging Siti boten saged duka. Lajeng Sri mbiyantu Siti caranipun medalaken raos duka. Siti dipundhawuhi bengok-bengok sinambi jumeneng majeng segara. Sabibaripun bengok-bengok, Sri ngajak Siti lenggah malih. Kajawi menika, tuturan menika katitik saking *frase* pangajak ‘ayo-ayo’ saha ‘rene-rene’.

## 2. Tindak tutur Direktif Pitaken

Miturut Ibrahim (1993), *direktif* pitaken inggih menika tuturan saking *penutur* dhateng *mitra tutur*, ingkang ngandhut pitaken utawi panyuwunan supados *mitra tutur* maringaken *informasi* tartamtu dhateng *penutur*. Tuturan menika ngginakaken ukara pitaken ingkang ancasipun kangge mangertosi satunggaling perkawis, *informasi*, utawi kahanan saking *mitra tutur*. Wonten ing *film* “Siti” menika namung dipunpanggihaken setunggal *fungsi* kemawon, inggih menika *fungsi* nyuwun pirsa. Ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

### a. Fungsi Nyuwun Pirsa

*Fungsi* nyuwun pirsa tegesipun ngandharaken panyuwunan saking *penutur* dhateng *mitra tutur* supados *penutur* dipunparingi katrangan punapa-punapa ingkang dereng dipunmanger-

tos. Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Simbahipun Bagus taken kaliyan Bagus punapa sragam sekolahipun Bagus menika enggal.

Bagas : “Ayo maem buk! Ayo, Mbah!”

Simbok : “Yaa..”

Siti : “Ibuk mengko le maem.”

**Simbok** : “Sragammu anyar ya Gas?” (Data 36/VI/S)

Tuturan ingkang aksaranipun dipunkandeli kalebet *direktif* pitaken kanthi *fungsi* nyuwun pirsa. *Konteks-ipun* Bagus bibar kerengan ngantos sragamipun risak. Lajeng simbahipun Bagus taken punapa sragam ingkang nembe dipunangge menika enggal. Tegesipun Simbahipun Bagus kepingin mangertosi *informasi* babagan sragamipun Bagus kanthi taken kaliyan Bagus supados pikantuk *informasi*. Kanthi sebab menika tuturan menika kalebet tuturan pitaken kanthi *fungsi* nyuwun pirsa.

## 3. Tindak tutur Direktif Pakon

Miturut Ibrahim (1993), *direktif* pakon inggih menika tuturan saking *penutur* ingkang ngandhut pituduh supados *mitra tutur* nindakaken punapa ingkang dipundhawuhi *penutur*. Wonten ing tuturan menika, *penutur* gadhah kawenangan langkung inggil tinimbang *mitra tutur*, kadosta kawenangan *fisik, psikologis, institusional*, lsp, saengga paring bobot wonten ing tuturanipun. Saged ugi tuturan pakon dipunginaken amargi sampun kekancan dangu saha akrab, saengga boten wonten watesan kawenangan, saengga luwes anggenipun ngginakaken tuturan pakon. Wonten ing *film* “Siti” dipunpanggihaken enem *fungsi direktif* pakon ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

### a. Fungsi Ndhawuhi



*Fungsi* ndhawuhi tegesipun maringaken dhawuh saking *penutur* dhateng *mitra tutur* supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling perkawis tartamtu. Wonten ing *film* Siti, salah satunggaling *fungsi* ndhawuhi ingkang dipunpangguhaken inggih menika kados tuladha wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Siti cariyos bilih piyambakipun boten saged duka kaliyan gar-wanipun, lajeng Sri nyobi ngewangi Siti medalaken raos dukani-pun.

Siti : “Sakjane sing nesu ki aku.

Sri : “Lha mbok nesu! Nesu we kok le..”

Siti : “Moh, ra isah nesu aku.”

Sri : **“Hahai.. Saiki aku tak dadi bojomu, kowe nesua ya! Ayo gek nesu! Ayo nesu!”**  
(Data 101/X/S)

Tuturan ingkang aksaranipun dipunkandeli kalebet tuturan *direktif* pakon kanthi *fungsi* ndhawuhi. Wonten ing tuturan menika Siti ngendika bilih piyambakipun boten saged duka, lajeng Sri ndhawuhi supados Siti medalaken raos dukanipun. Siti dipundhawuhi duka kaliyan Sri ingkang ethok-ethok dados garwanipun Siti. Lajeng Siti medalaken raos dukanipun dhateng Sri. Kajawi menika *direktif* pakon kanthi *fungsi* ndhawuhi menika saged katitik saking pangang-gening tembung pakon ‘nesua’ saha frase ndhawuhi ‘ayo gek nesu’ wonten ing salebeting ukara

### b. *Fungsi Ngomando*

*Fungsi ngomando* tegesipun paring prentah kangge mimpin (*barisan, gerakan tentara, lsp*).

*Data*-nipun kados wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Pak Sarko ngomando pegawenipun sakderengipun budhal demo dhateng kantor pulisi.

Pak Sarko : “Saiki wis do kumpul kabeh durung?”

Suara rame : “Uwis, uwis.. Ayo mangkat saiki!”

**Pak Sarko : “Mangkat ya mangkat,sik, sik, ta! Kudu ditata! Ning aku njaluk mengko ning kana do ra bengak-bengok, ya? Sing ngomong ben aku wae!”**  
(Data 142/XIII/S)

Tuturan ingkang aksaranipun dipunkandeli kalebet *direktif* pakon kanthi *fungsi* ngomando. *Fungsi* ngomando inggih menika *fungsi* kangge mimpin satunggaling barisan. Tuturan Pak Sarko menika kalebet *fungsi* ngomando amargi Pak Sarko mimpin barisan utawi grombolan pegawenipun ingkang dipunkomando Pak Sarko supados demo dhateng kantor pulisi. Saderengipun, papan *karaoke*-nipun Pak Sarko dipuntutup, lajeng sedaya piranti *karaoke*-nipun Pak Sarko dipunsita pulisi amargi *karaoke*-nipun Pak Sarko menika boten gadhah idin. Lajeng Pak Sarko ngomando sedaya pegawenipun supados tumut demo.

Sabibaripun sedaya pegawenipun kempal, pegawenipun ribut ngajak Pak Sarko supados enggal-enggal tindak. Lajeng Pak Sarko maringi komando malih. Pak Sarko ngomando supados pegawenipun sabar rumiyin, supados barisanipun dipuntata, lajeng ngomando supados pegawenipun boten bengok-bengok. Pak Sarko ugi ngomando supados sanesipun mendel, Pak Sarko kemawon ingkang ngendika nalika demo. Ukara ingkang ngemot dhawuh saking Pak Sarko menika kalebet *fungsi* ngomando, amargi Pak Sarko minangka pimpinan pendemo paring dhawuh utawi komando wonten ing satunggaling grombolan pendemo kalawau.

### c. *Fungsi Nuntut*

*Fungsi* nuntut inggih menika ngandhar-aken panyuwunan kanthi atos (setengah ngedahaken *mitra tutur*); nagih; ngupadaya supados pikantuk punapa ingkang dados hak. Wonten ing *film* “Siti” ugi dipunpanggihaken tuturan *direktif* kanthi *fungsi* nuntut. Wonton ing ngandhap kaandharaken tuladhanipun.

*Konteks* : Wonten ing pinggiring segara, Bagas katon meksa Siti supados Siti kersa dolanan layangan kaliyan Bagas.

Bagas : “Jarene arep dolanan layangan karo aku.”

Siti : “Mbok dolan dhewe kana karo kancamu!”

Bagas : “Moh!”

Siti : “Ibu kan kudu nggolek dhuwit.”

Bagas : “Golek dhuwit terus. Mbok rasah golek dhuwit ta!

**Pokokmen kancani aku dolanan!” (Data 123/XI/S)**

Tuturan ingkang aksaranipun dipun-kandeli menika kalebet tuturan *direktif* pakon kanthi *fungsi* nuntut, amargi wonten ing tuturan menika Bagas nuntut punapa ingkang dados hak-ipun, nuntut punapa ingkang sampun nate dipunjanjeni kaliyan ibunipun. Bagas nagih janji dhumateng Siti, sios punapa boten ngancani Bagas dolanan layangan, amargi Siti nate janji badhe ngancani Bagas dolanan layangan. Ananing nalika dipuntagih, Siti ndhawuhi Bagas supados dolan kaliyan kanca-kancanipun kemawon. Siti boten saged ngancani amargi Siti kedah pados arta. Bagas boten remen amargi Siti mblenjanji janjinipun. Bagas ugi boten remen amargi Siti pados arta terus-terusan, boten gadhah wekdal kangge Bagas.

Amargi wekdalipun Siti kawates kangge Bagas, Bagas ngantos nglarang Siti boten usah pados arta kemawon. Lajeng Bagas nuntut hak-ipun minangka putra, inggih menika kepingin

dolanan kaliyan ibunipun. Bagas ugi nuntut Siti ingkang nate janji badhe dolanan layangan sareng Bagas. Awit saking menika, tuturan menika kalebet *direktif* pakon kanthi *fungsi* nuntut.

#### d. *Fungsi* Ngarahaken

*Fungsi* ngarahaken inggih menika nedahaken saha mbimbing *mitra tutur* dhateng satunggaling perkawis. Tuladhanipun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Pungkasanipun Siti kersa dolanan layangan kaliyan Bagas sasampunipun Bagas meksa-meksa Siti. Siti ugi ngajari Bagas kados pundi caranipun mulukaken layangan.

Bagas : “Jarene arep dolanan layangan karo aku.”

Siti : “Mbok dolan dhewe kana karo kancamu!”

Bagas : “Moh!”

Siti : “Ibu kan kudu nggolek dhuwit.”

Bagas : “Golek dhuwit terus. Mbok rasah golek dhuwit ta!  
Pokokmen kancani aku dolanan!”

**Siti : “Mundur Gas! Terus! Hop! Ji, ro, cul!” (Data 124/XI/S)**

Tuturan ingkang dipuncithak kandel kalebet *direktif* pakon kanthi *fungsi* ngarahaken. Siti kaliyan Bagas mulukaken layangan sesarengan. Siti ngarahaken Bagas kados pundi caranipun supados layangan menika saged muluk kanthi sae saha inggil. Siti ingkang nyepeng senaripun, dene Bagas ingkang nyepeng layanganipun. Siti ngarahaken supados Bagas mundur. Bagas dipundhawuhi supados mundur terus, lajeng mandheg. Sasampunipun jarakipun pas, Siti ndhawuhi Bagas supados ngiculaken layanganipun wonten ing etangan kaping tiga. Nalika Siti ngetang setunggal-kalih-tiga, Bagas ngiculaken layangan menika pas wonten ing etangan tiga.

Awit saking menika, tuturan menika kalebet tuturan *direktif* pakon kanthi *fungsi* ngarahaken.

#### e. Fungsi Ngatur

*Fungsi* ngatur inggih menika nata utawi damel satunggaling perkawis dados langkung rapi. Wonten ing *film* Siti ugi dipunpanggihaken tuturan *direktif* kanthi *fungsi* ngatur, ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Pak Sarko ngatur pegawenipun ingkang dereng tata saha rame piyambak saderengipun tindak demo.

Pak Sarko : “Saiki wis do kumpul kabeh durung?”

Suara rame : “Uwis, uwis.. Ayo mangkat saiki!”

**Pak Sarko** : **“Mangkat ya mangkat, sik, sik, ta! Kudu ditata! Ning aku njaluk mengko ning kana do ra bengak-bengok, ya? Sing ngomong ben aku wae!” (Data 142/XIII/S)**

Saderengipun tindak, pegawe karaoke ingkang badhe demo rame piyambak ngajak supados enggal-enggal budhal. Kahananipun katon boten rapi saha rame amargi kathah tiyang ingkang ngendika. Lajeng Pak Sarko ngatur supados pegawenipun menika tata saha rapi saderengipun budhal demo. Pak Sarko ngatur supados pegawenipun tata, boten bengak-bengok. Sedaya pegawenipun mendel saha mirengaken. Aturan saking Pak Sarko, mangke nalika demo ingkang ngendika namung Pak Sarko kemawon, sanesipun boten kenging bengak-bengok, ingkang dipunsarujuki kaliyan sedaya pegawenipun. Awit saking menika, tuturan ingkang dipuncithak kandel ing nginggil kalebet tuturan *direktif* pakon kanthi *fungsi* ngatur.

#### f. Fungsi Paring Syarat

*Fungsi* paring syarat inggih menika nemtokaken satunggaling perkawis minangka syarat dhateng *mitra tutur*. Wonten ing *film* Siti ugi kapanggihaken *fungsi* paring syarat menika.

*Konteks* : Bagas matur menawi wonten ing sekolah wonten setan. Lajeng Siti ngemutaken gegayuhanipun Bagas dados pilot. Siti ngemutaken menawi Bagas kepingin dados pilot, Bagas kedah wantun saha purun sekolah.

Bagas : “Aku wegah sekolah.”

Siti : “Lha ngapa?”

Bagas : “Ning sekolah ana setane.”

**Siti** : **“Ket wingi kok ngomong setan terus. Jare ameh dadi pilot, dadi pilot ya ra oleh wedi setan. Dadi pilot kudu gelem sekolah!” (Data 17/III/S)**

Tuturan ingkang kacithk kandel ing nginggil kalebet *direktif* pakon kanthi *fungsi* paring syarat. Katingal saking tuturanipun Siti dhateng Bagas. Saking enjing Bagas boten purun mandhap saking amben, boten pingin mandi saha ajrih dhateng sekolah. Lajeng Bagas cariyos bilih wonten ing sekolahipun wonten setanipun. Bagas ajrih kaliyan setan, lajeng boten purun sekolah. Siti lajeng mangsuli, menawi Bagas kepingin dados pilot, *syarat*ipun inggih menika kedah wantun kaliyan setan saha kedah purun sekolah. Menawi Bagas ajrih saha boten purun sekolah, Bagas boten saged dados pilot. Anggenipun Siti ndhawuhi Bagas ngginakaken tuturan *direktif* pakon kanthi *fungsi* paring syarat, inggih menika menawi Bagas kepingin dados pilot, *syarat*ipun inggih menika kedah wantun kaliyan setan saha kedah purun sekolah.

#### 4. Tindak tutur Direktif Watesan

Miturut Ibrahim (1993) tuturan watesan inggih menika tuturan ingkang ngemot dhawuh saking *penutur* supados *mitra tutur* boten nindakaken satunggaling perkawis. *Tindak tutur*

*direktif* watesan menika dipunbedakaken dados kalih *fungsi*, inggih menika *fungsi* matesi saha *fungsi* nglarang ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

#### a. Fungsi Matesi

*Fungsi* matesi inggih menika maringi wates dhateng *mitra tutur*, punapa ingkang saged saha punapa ingkang boten saged dipuntindakaken bab satunggaling perkawis.

*Konteks* : Saderengipun Bagas sekolah, Bagas dipundhawuhi sarapan rumiyin. Nalika Bagas sarapan, Bagas ndamoni sekulipun amargi sekulipun panas. Lajeng dipunterak kaliyan simbok.

Simbok : “Sing akeh le maem gas! Gen gelis gedhe, gen bisa ngewangi ibumu.”

Bagas : “Aku wis ngewangi kok, ngewangi ngentekne maem.”

Simbok : “Kowe ki..”

Bagas : (*ndamu sekul*)

Simbok : “**Rasah didamoni, ra ilok! Nya ditepasi wae, nya!**” (*Data34/VI/S*)

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet *direktif* watesan kanthi *fungsi* matesi. Nalika Bagas sarapan, sekulipun taksih panas, lajeng Bagas ndamoni sekul menika. Simbah ingkang lenggah wonten ing ngajengipun Bagas lajeng ngendikan, “Rasah didamoni, ra ilok! Nya ditepasi wae, nya!” Teges saking tuturan Simbah menika matesi punapa ingkang kenging saha punapa ingkang boten kenging dipuntindakaken Bagas. Simbah nglarang Bagas ndamu sekul, ananing marengaken menawi sekulipun dipuntepasi. Kajawi saking *konteks* ukara, titikan ukara *direktif* watesan saged katingal saking tembung ‘rasah’ wonten ing ukara Simbah ing nginggil.

#### b. Fungsi Nglarang

*Fungsi* nglarang inggih menika paring prentah utawi paugeran supados *mitra tutur* boten nindakaken satunggaling perkawis. Tuturan *direktif* kanthi *fungsi* nglarang wonten ing *film* “Siti”.

*Konteks* : Siti maringi Bagas sragam enggal. Nalika maringaken sragam, Siti maringi piweling dhateng Bagas.

Siti : “Sragam anyaar..!!!”

Bagas : “Horeeee!!!”

Siti : “**Ra disuwekke meneh sragame!**” (*Data 25/V/S*)

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet *direktif* watesan kanthi *fungsi* nglarang, Saderengipun Bagas kerengan kaliyan kanca-nipun, ngantos sragam sekolahipun suwek. Lajeng Siti mundhutaken Bagas sragam enggal. Sinambi nganggekaken sragamipun Bagas, Siti meling Bagas sampun ngantos sragam enggal menika dipunsuwekaken malih. *Fungsi* nglarang menika katitik saking tembung ‘ra→ora’. Awit saking menika, tuturan menika kalebet tuturan *direktif* watesan kanthi *fungsi* nglarang.

### 5. Tindak tutur Direktif Paring Idin

Miturut Ibrahim (1993) tuturan paring idin tegesipun ngidinaken panyuwunan idin utawi nglonggaraken watesan ingkang sade-rengipun dipundamel dhateng satunggaling tu-mindak. *Fungsi* ingkang kapanggihaken wonten ing *film* kaandharaken wonten ing ngandhap.

#### a. Fungsi Marengaken

*Fungsi* marengaken inggih menika paring kesempatan utawi keleluasaan dhateng *mitra tutur*.

*Konteks* : Nalika Pak Sarko damel omben-omben, Siti taken punapa ingkang nembe dipun-

damel Pak Sarko, lajeng Siti nyuwun omben-omben menika. Lajeng Pak Sarko marengkan Siti nyuwun omben-omben.

Pak Sarko : “Kowe ki kenapa ta, Ti?”

Siti : “Ora pa-pa. Njaluk pak!”

**Pak Sarko** : “**Ya, ya, ya... Nya!**”  
(Data 209/XXIII/S)

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet tuturan *direktif* kanthi *fungsi* marengaken. Tuturan menika kadadosan nalika Pak Sarko nembe damel omben-omben kangge tamu karaokenipun. Lajeng Siti nyuwun omben-omben menika dhateng Pak Sarko.

Tuturan ingkang nedahaken bilih tuturan menika ngemot *fungsi* marengaken inggih menika tembung: “Ya, ya, ya.. Nya!” Tegesipun Pak Sarko marengaken Siti nyuwun saha ngunjuk omben-omben menika. Awit saking menika, tuturan ing nginggil kalebet *direktif* paring idin kanthi *fungsi* marengaken.

#### b. Fungsi Paring Idin

*Fungsi* paring idin inggih menika maringi idin dhateng satunggaling perkawis. Wonten ing ngandhap kaandharaken *fungsi* paring idin.

*Konteks* : Pak Karyo badhe nagih utang dhateng Siti. Saderengipun mlebet dalemipun Siti, Pak Karyo kula nuwun rumiyin, lajeng Simbok nyumanggakaken Pak Karyo mlebet.

Pak Karyo : “Ti? Siti? Kula nuwun!”

**Simbok** : “**Oo..Pak Karyo, mangga Pak, mangga!**” (Data 52/VIII/S)

Tuturan ingkang kacithak kandel ing nginggil kalebet *direktif* paring idin kanthi *fungsi* paring idin. Tuturan menika kadadosan nalika Pak Karyo badhe nagih utang dhateng Siti. Siti ingkang sampun mangertos bilih Pak Karyo badhe nagih utang lajeng mlajar ndhelik saking Pak Karyo. Lajeng Pak Karyo ingkang sampun jumeneng wonten ing ngajeng dalemipun Siti kula nuwun utawi nyuwun idin badhe mlebet.

Simbok ingkang mireng bilih Pak Karyo menika kula nuwun, lajeng nyumanggakaken Pak Karyo mlebet. Tuturan Simbok menika tegesipun maringi idin dhateng Pak Karyo ingkang nyuwun idin badhe mlebet dalemipun Siti.

#### c. Fungsi Ngabulaken

*Fungsi* ngabulaken inggih menika nglo-losaken, *mengiyakan* pandonga saha panyuwun *mitra tutur*. Tuladha *fungsi* ngabulaken ingkang dipunpanggihaken wonten ing *film* “Siti.”

*Konteks* : Siti badhe ngampil arta satunggal yuta kaliyan Mas Gatot, ananging Mas Gatot boten mbekta arta satunggal yuta. Mas Gatot namung mbekta arta pitu seket ewu, lajeng ndhawuhi Siti nyepeng arta menika.

Siti : “Ndhuwe dit sakyuta ra mas?”

Gatot : “Ha?”

Siti : “Aku nyilih sakyuta, sesuk tak balekke!”

Gatot : “Arep nggo apa Ti?”

Siti : “Oleh ora?”

**Gatot** : “**Aku ora nggawa sak yuta Ti. Aku mung gawa pitu seket. Ki, cekelen sik! Sesuk tak genepi, rasah nyilih. Ya?**”  
(Data 236/XXIV/S)

Tuturan menika kalebet tuturan *direktif* paring idin kanthi *fungsi* ngabulaken. Siti ngampil arta dhateng Mas Gatot, lajeng Mas Gatot taken kangge menapa. Siti malah katon duka, menggali bilih Mas Gatot boten kersa menawi dipunsambeti arta. Lajeng Mas Gatot ngabulaken panyuwunipun Siti menika kanthi medalaken arta pitungatus seket kangge Siti saha ndhawuhi Siti nyepeng arta menika. Awit saking menika, tuturan saking Mas Gatot menika nge-mot tuturan *direktif* kanthi *fungsi* ngabulaken.

#### d. Fungsi Nguja

*Fungsi* tuturan nguja inggih menika mboten nglarang, boten dipungatosaken, tegesipun namung dipuntogaken kemawon sakajengipun.

Wonten ing ngandhap badhe kaandharaken tuladha *fungsi* nguja menika ingkang dipun-panggihaken wonten ing *film* "Siti."

*Konteks* : Nalika Siti nyuwun Mas Bagus ngendikan malih, Mas Bagus namung nyawang Siti ananging boten kersa ngendikan. Siti mangkel, lajeng boten nutugaken anggenipun ndulang garwanipun.

Siti : "Ngerti ra mas? Mau Bagus crita, sragame sing anyar marai setane wedi. Setane ra gelem metu. Mas, mbok pisan-pisan ki ngomong! Arep ketuk kapan kowe ngene ki terus? **Luweh!"** (*Data 135/XII/S*)

Tuturan ingkang dipuncithak kandel menika ngandhut tuturan *direktif* kanthi *fungsi* nguja, tegesipun boten preduli. Tuturan menika kadadosan nalika Siti ndulang garwanipun, Mas Bagus sinambi cariyos-cariyos. Anggenipun Siti cariyos boten dipuntanggepi dening Mas Bagus. Mas Bagus mendel kemawon. Siti nyuwun Mas Bagus supados ngendikan. Ananging Mas Bagus tetep mendel. Siti duka amargi Mas Bagus namung mendel, lajeng mandheg anggenipun ndulang Mas Bagus sinambi ngendikan: "Luweh!" Tuturan 'luweh' saking Siti menika ateges Siti duka lajeng boten preduli malih kaliyan Mas Bagus. Awit saking menika, tuturan ing nginggil kalebet *direktif* paring idin kanthi *fungsi* nguja.

## 6. Tindak tutur Direktif Paring Nasehat

Miturut Ibrahim (1993) tuturan paring nasehat inggih menika tuturan ingkang dipun-andharaken *penutur* dhateng *mitra tutur*, ingkang ngandhut kapitadosan bilih nindakaken tuturan menika becik kangge *mitra tutur*. *Penutur* gadhah penggalih bilih tuturan menika prayoginipun dipuntindakaken, menawi boten katin-

dakaken badhe nuwuhaken satunggaling kasisahan utawi kacilakan. *Fungsi*-nipun *direktif* paring nasehat kaandharaken wonten ing ngandhap.

### a. Fungsi Paring Nasehat

*Fungsi* paring nasehat inggih menika paring pitutur dhateng *mitra tutur*. *Data*-nipun katingal wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Simbok mirsani kadadosan ingkang dipunlampahi kaliyan Siti. Pak Karyo nagih utang, namung paring wekdal tigang dinten kangge nglunasi utang gangsal yuta. Siti sedhah, lajeng Simbok paring nasehat.

Pak Karyo : "Kowe wingi janji ta, arep nglunasi sasi iki, limang yuta? Yawis, pokokmen kudu dibayar, nek ora urusane karo pulisi!! Tak nehi wektu telung dina."

**Simbok** : "Sing sabar ya Ti..!" (*Data 64/VIII/S*)

Tuturan ingkang dipuncithak kandel menika kalebet *direktif* paring nasehat kanthi *fungsi* paring nasehat. Katingal saking tuturanipun Simbok dhateng Siti. Simbok prihatin mirsani kahanipun Siti. Garwanipun sampun gerah boten saged napa-napa amargi nemahi kacilakan, lajeng Pak Karyo nagih utangipun garwanipun menika. Wekdal ingkang dipunparingi Pak Karyo ugi mepet, namung tigang dinten kangge nglunasi gangsal yuta. Kangge Siti, arta gangsal yuta menika arta ingkang ageng sanget. Awit saking menika, Simbok ingkang ngraos prihatin kaliyan kahanipun Siti maringi nasehat supados Siti sareh. Tuturan simbok menika kalebet tuturan *direktif* paring nasehat kanthi *fungsi* paring nasehat.

### b. Fungsi Ngusulaken

*Fungsi* ngusulaken tegesipun majengaken satunggaling usul supados dipunsarujuki *mitra*

*tutur*. Tuladha *fungsi* paring nasehat ingkang dipunpanggihaken wonten ing *film* “Siti” kaandharaken wonten ing ngandhap.

*Konteks* : Sabibaripun Bagas budhal sekolah, Simbok guneman kaliyan Siti wonten ing ngajeng meja sinambi mbungkusi peyek jingking.

Siti : (*nyumet udud*)

Simbok : “Dhuwit ki mbok ra diobong Ti! **Kowe ra golek gawean liya pa?” (Data 46/VII/S)**

Tuturan ingkang dipuncithak kandel wonten ing nginggil menika kalebet *direktif* paring nasehat kanthi *fungsi* ngusulaken. Simbok mangertos bilih sasampunipun Mas Bagus, garwanipun Siti menika gerah, namung Siti ingkang pados arta wonten ing kulawarganipun Siti. Kajawi menika, padamelan sadean peyek jingking wonten ing Parangtritis namung pikantuk arta ingkang sekedhik sanget. Amargi kahanan menika, Siti nyambut damel wonten ing papan karaoke, ingkang temtunipun langkung kathah bebayanipun. Sinambi mbungkusi peyek jingking, Simbok ngusulaken kados pundi menawi Siti pados padamelan sanes, sasanipun nyambut dame ling papan karaoke. Tuturan saking Simbok menika kalebet tuturan *direktif* paring nasehat kanthi *fungsi* ngusulaken.

### Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Jinis *tindak tutur direktif* ingkang kapanggihaken wonten ing *film* “Siti” wonten enem, inggih menika *tindak tutur direktif* panyuwunan, pitaken, pakon, watesan, paring idin, saha paring nasehat. Tuturan panyuwunan ngandharaken gegayuhan utawi pangajab. Tuturan pitaken

ngandhut pitaken utawi panyuwunan supados *mitra tutur* maringaken *informasi* tartamtu. Tuturan pakon ngandhut pituduh supados *mitra tutur* nindakaken punapa ingkang dipundhawuhi *penutur*. Tuturan watesan ngemot dhawuh supados *mitra tutur* boten nindakaken satunggaling perkawis. Tuturan paring idin tegesipun ngidinaken panyuwunan idin utawi nglonggaraken watesan. Tuturan paring nasehat ngemot pitutur becik saking *penutur* dhateng *mitra tutur*.

2. *Fungsi tindak tutur direktif* ingkang kapanggihaken langkung *variatif*. *Fungsi direktif* panyuwunan ingkang dipunpanggihaken inggih menika *fungsi* nyuwun, ndhesek, ngulemi, saha ngajak. *Fungsi saking direktif* pitaken ingkang dipunpanggihaken namung *fungsi* nyuwun pirsu. *Fungsi direktif* pakon ingkang dipunpanggihaken inggih menika *fungsi* ndhawuhi, *ngomando*, nuntut, ngarahaken, ngatur, saha paring *syarat*. *Fungsi direktif* watesan inggih menika *fungsi* matesi saha nglarang. *Fungsi direktif* paring idin inggih menika marengaken, paring idin, ngabulaken, saha nguja. *Fungsi saking direktif* paring nasehat dipunpanggihaken *fungsi* paring nasehat saha ngusulaken.
3. Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih wonten ing *film* “Siti” anggitanipun Ifa Isfanyah menika kathah dipunpanggihaken jinis saha *fungsi tindak tutur direktif* ingkang maneka warna. Pramila saking *variasi* jinis saha *fungsi tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken menika ndadosaken *film* menika katon endah, sae,

narik kawigatosan, saha ndadosaken pancelathon wonten ing *film* menika katon alami, kados pancelathon ing padintenan.

### **Pamrayogi**

Panaliten *tindak tutur direktif* basa Jawi wonten ing *film* “Siti” anggitanipun Ifa Isfansyah menika taksih kathah kirangipun amargi kawates seserepanipun panaliti. Adhedhasar menika, prelu dipuntindakaken panaliten sanes ingkang langkung wiyar babagan *tindak tutur*, tula-dhanipun *tindak tutur ekspresif, asertif, efek tindak tutur, faktor* ingkang ndayani *tindak tutur*, lsp. Kajawi menika, wonten ing panaliten menika saged ugi dipunpanggihaken prekawis sanesipun, kadosta *campur kode, kesantunan, inferensi, deiksis*, lsp. Pramila saking menika, prekawis-prekawis ing nginggil saged dipun-andharaken wonten ing panaliten-panaliten salajengipun.

### **KAPUSTAKAN**

- Chaedar, Alwasilah. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Muhammad. 2011. *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Sugiono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.